# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 जुलाई 2026** **भोजपुरी समाचार**

केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान पहिली जुलाई से विकसित भारत–रोजगार अउर आजीविका गारंटी मिशन–ग्रामीण, वीबी–जी रामजी–अधिनियम दुइ हजार पचीस सफलता से लागू भइले पर खुसी जतवले हवें। उहां के वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिये येह मिशन में राज्यन बदे पचीस हजार करोड़ रूपिया क मुख्य सहायता रासि जारी कइलें। उहां के कहलीं कि विकसित भारत जी–राम–जी के पूरा देस में खाली एक्के दिन में लागू कइ दीहल गइल।

***मनरेगा को पूरे देश में लागू करने में 3 साल लगे थे, लेकिन मुझे आप सब पर गर्व है 1 साल 2 साल नहीं, पहले दिन ही विकसित भारत जी राम जी योजना एक साथ पूरे देश में लागू हो गई। सौ दिन नहीं अब 125 दिन रोजगार। 5 साल में साढ़े सात लाख करोड़ से ज्यादा की राशि दो लाख 86 हजार पंचायतों में ठीक से लग गई तो गांव संपूर्ण विकसित हो जाएंगे, समृद्ध और विकसित गांव का निर्माण हो जाएगा।***

श्री चौहान कहलें कि वीबी–जी–रामजी योजना के मजूरी औसतन करीब दस फीसदी बढ़ावल गइल हौ।

**********

अजोध्या के श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट बिहने अपने सदस्यन क खास बइठकी बोलवले हौ, जेहमें ट्रस्ट के मिलल दान क जांचि कइ रहल–एसआईटी के निस्कर्सन के सथहीं कई गो खास प्रसासनिक आ वित्तीय मामिलन पर बिचार कइल जाई। ई बइठकी दुपहरिया बाद तीनि बजे मणिराम दास छावनी, अजोध्या धाम में होई, जेकरे कार्यसूची में महासचिव चंपत राय आ न्यासी डॉक्टर अनिल मिसिर के इस्तीफा पर बिचार सामिल हौ। बइठकी में भविस्य में राम मंदिर प्रबंधन से जुड़ल व्यवस्थो पर बिचार कइल जाई।

**********

परिषदीय प्राइमरी अउर जूनियर स्कूलन क मास्टर, शिक्षामित्र, अनुदेसक, रसोइया आ अउरियो करमचारी लोगिन के सामूहिक बीमा क फायदा दीहल जाई। सामाजिक अउर आर्थिक सुरक्षा देवे बदे बेसिक शिक्षा विभाग आठ जुलाई के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के मौजूदगी में बनारस में भारतीय स्टेट बैंक के साथे एमओयू करी। येह मौका पर मुख्यमंत्री, सिक्षक आ अउरियो करमचारी लोगिन के कैसलेस चिकित्सा सुविधा कार्डो बंटिहें।

**********

प्रदेस सरकार गन्ना किसानन आ ओनके परिवारन के सामाजिक सुरक्षा क मजबूत कवच देवे बदे बड़हन अभियान सुरू करे जा रहलि हौ। बिहने से इग्यारह जुलाई ले प्रदेस के सज्जो सहकारी गन्ना विकास समितियन में बिसेस सामाजिक सुरक्षा जागरूकता अउर नामांकन महाअभियान चलावल जाई। एकरे जरिये लाखन गन्ना किसान परिवारन के प्रधानमंत्री जीवन ज्योति बीमा योजना, प्रधानमंत्री सुरक्षा बीमा योजना अउर अटल पिनसिनि योजना के सथहीं भारत सरकार क तमाम योजनन से जोड़ल जाई। अभियान में हर सहकारी गन्ना विकास समिति में बिसेस सहायता अउर नामांकन काउंटर खोलल जाई, जेहसे किसानन के एक्के जगहि पर योजना क जनकारी, पात्रता क सत्यापन, दस्तावेजन क जांचि, बैंकिंग सहायता अउर जुरते नामांकन क सुविधा मिली। नया सदस्य पंजीकरण, बैंक खाता खोलले आ अउरियो जरूरी सेवो क इंतिजाम सुनिस्चित कइल जाई।

**********

सरकार तरल प्राकृतिक गैस– एल एन जी के आपूर्ति से पाबंटी हटा लिहले हौ। ई फैसिला पश्चिम एशिया में लड़ाई रूकले के बाद होर्मूज जल डमरू मध्य से प्राकृतिक गैस क आपूर्ति फेर से सुरू भइले के बाद कइल गइल हौ।

**********

सरकार, सोशल मीडिया साइट इंस्टाग्राम पर फीसि वाला विज्ञापनन में बाल यौन सोसण अउर दुर्व्यवहार सामग्री के ले के मेटा के कड़ेर चेतावनी दिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

***इलेक्ट्रॉनिकी और सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालय ने मेटा से सात दिनों के भीतर विस्तृत स्पष्टीकरण मांगा है। भारत में डिजिटल कानूनों के अन्तर्गत अश्लील सामग्री और बाल यौन शोषण सामग्री का वितरण एक अपराध है। इससे पहले, मंत्रालय ने उन रिपोर्टों का संज्ञान लिया था जिनमें कहा गया था कि इंस्टाग्राम पर कुछ आपत्तिजनक सामग्री प्रदर्शित की जा रही है जो बाल यौन शोषण को बढ़ावा देती है और अधिकारियों को मेटा से जवाब मांगने के निर्देश जारी किए थे। अनुपम की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से वैष्णवी।***

**********

छत्तीसगढ़ क मसहूर पंडवानी गायिका अउर पद्म विभूषण से सम्मानित तीजन बाई क आजु तड़के सरगबास हो गइल। एगो आम परिवार में जनमल तीजन बाई पंडवानी के जरिये महाभारत क कथा के मंच पे देखा के भारतीय लोक संस्कृति के बिदेसो में मसहूर कइलिनि।

**********

प्रयागराज, वाराणसी, जौनपुर अउर बलिया के सथहीं प्रदेस के कई गो पूरबी जिलन में आजु तेज बेयारि के बिच्चे रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हौ। मौसम विभाग प्रदेस के जियादेतर इलाकन में अगिला चारि दिन ले गरज–चमकि के साथे हल्लुक से मधिमाहे बरखा क अनुमान जतवले हौ।

**********